Mulat trékahing garwa ingkang dahat andupara makaten punika, Prabu Sentanu sakalangkung kedjoting panggalihipun. Tjiptanipun sang Prabu, boten njana lamun garwanipun ingkang sulistya ing warni tansah setya bekti ing guru laki punika teka gadhah kandhutan awon hambeg taksiya wentala sikara sutanipun pijambak ingkang dèrèng kalèpètan dosa. Saking sangeting bendu ingkang dèrèng kawijos, pangraosipun sang Prabu ngantos kados bengkah-bengkaha djadjanipun. Rahajunipun, kala samanten sang Prabu ladjeng èngèt dhawuh wasijatipun ingkang rama Prabu Pratipa ingkang sampun suwargi. Sanalika kabrangasing panggalihipun sang Prabu dhateng trékahing garwa gya siniram ing tirta kasabaran. Meneping panggalih pranawa, malah sinamudana api-api boten kapandukan raos punapa-punapa. Amung idheping tjipta, Prabu Sentanu kala samanten dahat nalangsa ing Bathara.

Patrapipun dèwi Ganggawati dhateng putra baji ingkang nembé lahir kados kasebut nginggil, boten namung sapisan kaping kalih. Djer sang dèwi kedah netepi djangdji dhateng para Wasu ingkang sampun sinagahan dados putranipun kasebut ngadjeng. Dumadakan, dhateng mangsa kala ingkang njarengi ontjating daulat tumrap ingkang sinandhangan, kaleres pambabaripun dèwi Ganga sampun rambah kaping sanga. Kala samanten, Prabu Sentanu sampun rumaos daweg anggenipun njabari trékahing garwa, temahan ngantos nerak welinging rama Nata. Prabu Sentanu kawijos pamundhutipun dhateng sang pramèswari, putra kakung ingkang kababaraken punika, sampun ngantos kalabuh ing benawi kados ingkang sampun. Karsanipun sang Prabu, putra punika kedah kagulawenthah satataning Naréndra putra, ing tembé ginadhng gumantos kaprabon. Inggih pangandikanipun Prabu Sentanu sawarni nerak piwelingipun ingkang rama suwargi mambengi solah pakartinipun sang pramèswari makaten wau, temah dados dhadhakakan kukuting daulatipun Prabu Sentanu, nanging andjalari wenging kori kasuwargan wangsulipun dèwi Ganggawati dhateng kawidadaran. Wiwit kala samanten, dèwi Ganggawati ladjeng muksa nalar Djanaloka, wangsul dhateng Ngéndraloka. Déné djabang baji ugi lestantun gesang ingemong rama Nata saha pinaringan kekasih sang Déwabrata. Diwasanipun sang Déwabrata, saking kadibyaning pupuh tanpa tandhing, ladjeng pikantuk peparab sang Prabata.

Gentos kajarjos sirenganing lanpah. Putri Nata ing nagari Wiratha ingkang kekasih kusuma dèwi Satyawati, nandhang gerah sampun lami. Sakiraripun sang putri, angganda amis kados gandaning mina djaladri. Saking sruning prihatos, ing alami-lami, gerahipun sang putri ugi saged waluja arana dipun usadani sang Pandhita mudha ingkang peparab Begawan Palasara ing pratapan Satasrengga. Bèrating ganda amis, sariranipun sang putri malah ladjeng angganda wangi. Mila sang putri ladjeng peparab dèwi Durgandini ugi peparab dèwi Gandawati. Sang dèwi ladjeng kagarwa sang Begawan ngantos pututan putra kakung s: tunggal ingkang tinengeran kekasih sang Wijasa inggih Abijasa, ingkang Suraosipun: budi linangkung minangka pepènget walujanipun ingkang ibu sabab saking pamesuning budi sang Begawan.

Sang Wijasa ugi peparab sang Kresnadwipajana, sabab pakulit-anipun tjemeng mawa tjahja.

Katjarjos, Begawan Palasara ingkang dhasaripun darahing Maha tapa turun-tumurun, dedunung ing nagari kados tataning para Satrija punika, ing tjipta tansah karaos boten sardju, Dupi sang Wijasa rinaos sampun saged pinisah kalajan ibunipun, sang Begawan ladjeng pamit ing garwa badhé ngadjengaken mangun tèki dhateng pratapan Saptarga. Inkang putra sang Wijasa badhé kabekta. Déné sang dèwi, manawi badhé, palakrama malih ugi kaparengaken. Gantjanging tjarijos, Begawan Palasara kanthi ingkang putra taksih timur ladjeng wangsul tapa dhateng wukir Satasrengga. Dèwi Satyawati tinilar wonten pura Wiratha.....

Katjarjos malih Nata binathara ing Astinapura Prabu Sentanudéwa. Kala samanten, sang Radjaputra Déwabrata sampun wantji djedjaka bagus ing warni, kongas limpad ing budi, lantip ing tjipta sasmita, tanggap ing panggrahita, tur ta bekti èng sudarma. Wiwit timur, sang Déwabrata sampun ketitik sengsem dhateng kautanen, remen puruhita para Sogata gegulang pangawikan. Sang Déwabrata puruhita dhateng Maharsi Ramaparasu gegununganipun para Brahmana ingkang kadibyanipun ngasoraken para Djawata. Ewa déné, sasampunipun sang Déwabrata njakup dhateng piwulangipun sang Resi, bab pragatipun namakaken djemparing kadéwatan, trampiling tanggap tinangkis tjuriga, limpadipun pasang gelaring baris miwah kadibyanipun, sang Maharsi Ramaparasu malah rumaos wang-wang dhateng siswanipun (Déwabrata).

Samukswanipun sang pramèswari dèwi Ganggawati wangsul dhateng kadéwatan, Prabu Sentanudéwa sampun narimah boten palakrama malih. Malah karenan momong sang Radjaputra Déwabrata ingkang kongas mumpuni ing saniskara, tur sudibyèng alaga. Dumadakan, dupi sang Prabu midhanget lelampahanipun putri Wiratha dèwi Satyawati taksih mudha temah kapegatan trisna tinilar ing guru laki

sang Prabu ~~temah~~ tuwuh osiking galih karsa nglamar sang putri randhanipun ~~Prabu~~ Palasara.

2. PRASETYANIPUN SANG DEWABRATA.


KATJARIJOS, putri ing Wiratha kusuma dèwi Satyawati randhanipun Begawan Palasara, linamar Prabu Sentanudèwa ing Astinapura. Sang putri ugi ~~karsa~~ nampi panglamaripun sang Prabu nanging mundhut bebana. Ing ~~ing~~ minangka bebana: lamun saged mijosi putra kakung, putra ~~punika~~ ing tembé sageda gumantos kapraboning rama mengkononi Astinapura.

Bebanapun dèwi Satyawati makaten punika, damel kanggecing panggalihipun Prabu Sentanu. Djer kala samanten, sang Prabu sampun kagungan ~~para~~ kakung ingkang mijos saking pramèswari dèwi Ganggawati Namung sang Ganggaputra ingkang sanget bekti ing sudarma, kala samanten ladjeng atur pratéla, bilih sariranipun boten kepéngin djuweng Nata. Ewa déné, pratelanipun sang Déwabrata makaten punika meksa dèrèng damel mareming panggalihipun dèwi Satyawati. Sandéjaning manah sang dèwi, sanadyan sang Déwabrata boten nedya djuweng Nata, badhé turunipun ing tembé ugi taksihi wénanng nglampahi dhampar kapraban Ngastina. Djer sang Ganggaputra punika pantjen Narpaputra Ngastina ingkang pantjer sepuh.

Katjarija, ganging kasudjanipun dèwi Satyawati makaten punika, sanget damel k'eranta-rantaning manah sang Déwabrata. Ingkang rinaos sedih, déné sumungkeming manah bekti murih piréna-ning sudarma, temah kepalang déning kasudjananipun sang putri ingkang ginuhang dados pramèswari ing dhatulaja Ngastina. Saking derengipun ~~manah~~ bekti, sang Déwabrata kala samanten ladjeng prasetya ing ngasaning rama Nata Prabu Sentanu saha dèwi Satyawati. Prasetyanipun sang Déwabrata, kadjawi ngrilakaken wewenangipun nampèni makabardja kapraban Ngastina, ugi nedya wahdat tanpa krama arsa nglampahi gesang satataning Brahma tjarya.

Gantjangan tjarijos, dèwi Satyawati inggih dèwi Durgandici, kaleksanan ~~lagarwa~~ Prabu Sentanu, djuweng pramèswari ing Astinapura. Ing antawis lami, sang pramèswari ambabar putra kakung ila sinungga kelasih sang Tjitragada. Ing antawis warsa, sang pramèswari ambabar putra malih saha pinaringan kekasih sang Pititrawirja. Sang Satyawatiputra kekalihipun ngantos diwasa, sang pramèswari sampun boten peputra malih. Mila sang Radjaputra kekalihipun, angsang dinama-dama saha anggung ginulang ing guna awidagdan ~~manah~~ ulah kapradjuritane déning raka sang Déwabrata.

Diwasanipun Satyawatiputra, sang Déwabrata mestuti dhawuhing rama Nata, angsang prijangga gya bidhal mupuh sajumbara dhateng agari Kasi. Boten katjarijos, rontjening lampah, sadhatengipun ingkang kabéh sajumbara, sampun ramé untaping para Satrija lan para



Narèndra, nanging dèrèng wonten ingkang ngentasi karja. Gantjangan tjarijos, sang Déwabrata saged njimakaken tanggulanging sajumbara awarni jaksa dibya kekalih (Wahmuka Arimuka). Sang Déwabrata saged angsal bojongan putri Nata ing Kasi tetiga patembajaning sajumbara. Putri ingkang sepuh anama dèwi Amba, pamadyanipun anama dèwi Ambika, ingkang taruna anama dèwi Ambalika.

Kadibyanipun sang Déwabrata saged ngrampungni tanggulanging sajumbara punika, sanget damel masgulipun para Narèndra pinten-pinten ingkang sami ngajunaken putri ing Kasi. Sanadyan sang Déwabrata, ugi wikan dhateng gregetipun ingkang sami kagelan. Wantuning Satrija utama luhur ing budi, sang Déwabrata karsa among karsaning akathah. Uluk-ulukipun sang Déwabrata: sinten ingkang taksih ngajunaken putri ing Kasi ladjeng ngrèbata sarana perang, sang Déwabrata ingkang minangka tanggulanging pupuh. Ing riku sang Déwabrata-ladjeng kinarubut pupuh para Narèndra pinten-pinten, nanging sang Déwabrata meksa ungguling juda boten wonten ingkang saged ngembari kadibyanipun.

Katjarijos, kusuma dèwi Amba pambajuning putri ing Kasi ingkang sampun dados bojongan. Paripurnaning sajumbara, sang dèwi matur ngrerepa dhateng sang Déwabrata. Aturipun sang dèwi, mugi sariranipun dipun mardikakaken saking bojongan, sabab sampun prasetya badhé sesarengan gesang kalajan Prabu Salwa ingkang dados tantjeping silihipun.

Sang Déwabrata Satrija ingkang sanjata luhur ing budi, midhanging atur makaten punika, karaos trenjuh panggalihipun. Mila aturipun sang dèwi ugi dipun rilani saraja mangalembama tuhuning watjana sang putri.

Dèwi Amba gegantjangan manggihi Prabu Salwa kanthi bombonging manah. Ing riku sang Dèwi gya mratélakaken wigatosing karsa saha ngandaraken lelampahanipun purwa madya wasana.

Prabu Salwa ingkang sampun kasoring juda boten saged ngentasi pepanggiling sajumbara, nampi aturipun dèwi Amba makaten wau, pangraosipun kados kabregan garapan ingkang awrat. Sasampunipun pana panggalihipun, sang Prabu saweg saged nanggapi sabda. Pangandikanipun: Dhuh jaji dèwi kang tuhu ing watjana! Sanadyan trisna asihku marang sira uga tetep ora owah, nanging lamun ingsun nampani putri kang wus dadi darbèking mungsuh, sajekti nistha ing atasé ingsun Satrija, déné bisaku palakrama adjalaran saka nampu pawewhing mungsuh. Mula sira prajoga nglestarèkna suwita sang Déwabrata, ingsun ora keduga nampani praptanira.

Katjarijos, dèwi Amba ingkang dhatengipun mriku labet saking kascyaning manah nuhoni patembajan, temah tinanggapan sabda ingkang kabéh saking panjana punika, saking sumrepeting panonjangan tos kadi kontjatan diwanipun. Dupi ènget pilenggahipun tinitah djanma,

sang dèwi gya mundur palarasan saraja rawat waspa. Sruning duh-
 kita tjawuh lan raos wirang, dèwi Amba lecadak wegah tuningal
 kaéndahan pradja, milalu arsa gesang satataning Wanaprastha *).
 Saunduripun saking ngarsanipun Prabu Salwa, dèwi Amba ingkang
 kala samanten lelangan sawang kunarpa lelana, wirandhungan mand-
 djing wana manggihi para tapa. Ing riku dèwi Amba gya mratéla-
 ken sedyanipun saha ngandharaken darunanipun ingkang kawijos
 kanthi panggresah.

Sanggya Wanaprastha ingkang nijarsa tjarijosipun dèwi Amba,
 dahat trenjuh kaworan welas, nanging dèrèng wikan lampah punapa
 ingkang saged ngènthèngaken panandhangipun sang dèwi. Kala sa-
 manten temah katrendjuh rawhipun Maharsi Ramaparasu gegu-
 nungipun para Brahmana. Sasampunipun kalinggamurda ing pamba-
 gya, Maharsi Ramaparasu gya ingaturan uninga lelampahanipun sang
 kawelasarsa ingkang sumengka arsa mahambeg Pitri. Nanging sang
 Maharsi boten najogyani karsa. Pangandikanipun Begawan Ramapa-
 rasu, lekasing patrap ngangkah dhateng kasutjèn, boten kénging si-
 nangkan saking hardaning kanepson sabab keputungan budi. Dèwi
 Amba kaprajogèkaken wangsul dhateng sang Dèwabrata, sang Maharsi
 ingkang sagah masrahaken. Dèwi Amba mèstuù sabda gya kinanthi
 sang Brahmana. Gantjanging lampah, Begawan Ramaparasu dalah
 dèwi Amba sampun pinanggih sang Dèwabrata. Sarawhipun Bega-
 wan Ramaparasu, sang Dèwabrata gurawalan mangastuti padanipun
 sang Maharsi kadi tatuning Siswadi dhateng Gurunadi. Ing riku, Be-
 gawan Ramaparasu gya medharaken gatining lampah masrahaken
 wangsulipun dèwi Amba saha ngandharaken lelampahanipun. Nanging
 sang Dèwabrata ingkang tuhu ing watjana, matur mopo boten saged
 nampi dhatengipun dèwi Amba. Aturipun sang Dèwabrata, nama tja-
 tjad ageng ing atasipun Satrija, lanun puruna njeled sabda ingkang
 sampun kawedhar. Djer ing ngadjeng, sariranipun sang Dèwabrata
 sampun ngilakaken panjuwunipun Dèwi Amba ingkang ugi tuhu ing
 watjana kedah nuhoni kasetyanipun.

Brahmana Ramaparasu ingkang panggalhipun rinubéda raos welas
 dhateng panandhangipun dèwi Amba, paring wawasan kathah-kathah
 metelaken sang Dèwabrata puruna nampèni dèwi Amba ingkang pan-
 tjèn sampun dados bojonganipun. Nanging sang Dèwabrata ingkang
 sampun pana empaning tékad pilenggahing guru lan murid mitra
 lan godha, sanadyan idheping tjipta tetep susetya ing Gurunadi,
 sang Nimpuna Ganggaputra meksa tetep boten kedugi nampèni dèwi
 Amba. Mila sang nawung kridha kekalihipun, ngantos daweg anggèni-
 pun wawan sabda rebat lungiding witjara. Saking derenging karsa

kasurung suraning drija, wekasaning tjatur juda temah santun salaga
 dados pantjakara itjal tabeting Siswa-Sogata.

Judanipun sang Dèwabrata lumawan sang Maharsi Ramaparasu,
 boten mantra-mantra traping Siswadi lan Gurunadi, kekalihipun sami
 dèné ngunggar kaprawiran ngetog kadibyan ngantos niamakaken deda-
 mel kadéwatan. Boten katjarijos raméning aprang trampiling tanggan
 tinangkis prigelipun namakaken djemparing kadéwatan, dupi Maharsi
 Ramaparasu dhawah kapidhara sariranipun kebak tantjeping djempa-
 ring, sang Prabata Dèwabrata temah ngontjati palagan saraja ambojong
 putri kekalih dèwi Ambika lan dèwi Ambalika.



Sang Dewabrata

Saontjatipun sang Dèwabrata, dèwi Amba ingkang tansah katju-
 wan, saja sariget panggrantesipun. Pepesing manah serik kaworan
 wirang, puruging bendu dèwi Amba temah kablog dhateng sang Déwa-
 brata ingkang kaanggep gumendhung sampun murungaken anggènipun
 pepatjangan. Dèwi Amba ngentjengaken sedyanipun tapa brata, ing
 njaba dèrèng lega lamun dèrèng saged njambet lampah males dhateng
 sang Dèwabrata.

*) SKRIPSI
 *) Wanaprastha — para Brahmana ingkang tapa ing wana.

Katjarijos malih lanpahipun sang Déwabrata. Sadhatengipun saking mupuh sꦱꦸꦩꦧꦫ, putri bojongan kekalihipun ladjeng kaaturaken rama Nata Prabu Sentanu, andadosaken renaning panggalihi Nata akalihan pramèswari. Kaparenging karsa Nata, putri bojongan saking nagari Kasi ladjeng kapatjangaken kalajan putra Nata ingkang mijos saking pramèswari déwi Satyawati kekalihipun. Déwi Ambika kapatjangaken kalajan sang Tjitragada, déwi Ambalika kalajan sang Witjitrwirja. Boten katjarijos rontjening lanpah rengganing pami-baha, pangantèn kalih rimbit kakung putrinipun sami déné putraning Brèndra, sampun kadhapaken kauthi basuki liardja. Sang pinangan- kalih rimbit, atut-runtut anggènipun palakrami, saja mewahi sukā anipun sang pramèswari déwi Satyawati

Gumiliring mangsa kala peteng dados padhang, padhang dados seng, suka dados tjuwa anggung-sumandhang sadhéngah titah salu- hing djagad. Maha Prabu Sentanu dèrèng ngantos tutug anggènipun mong putra pangantèn kalih rimbit ingkang-anggung dinamadama, ng Prabu ingkang sampun kaparèng juswa, temah kataman rogarda antos andjalan kamukswanipun murud ing tepet sutji. Boten katja- os kingkinipun ingkang tinar séda miwah solahipun mangruk- awa, sasurudipun Prabu Sentanudéwa, ingkang kawisudha djume- ng Nata gumantos kaprabon ing Astinapura, sang Tjitragada, netepi bananipun sang pramèswari déwi Satyawati ing ngadjeng. Déné ra pambajun Ngastina sang Déwabrata, ugi nuhoni prasetyanipun manbeg Brahma tjarya. Nanging dèrèng ngantos gantalan warsa nggènipun mengtu kaprabon, Prabu Tjitragada temah kasambuting ma séda ing palagan tandhing pupuh lan Bathara Tjitraséna déwaning mda:ra.

Sasédanipun Prabu Tjitragada, dhampar kaprabon Astinapura djeng lumintir dhateng raji Nata sang Witjitrwirja putra warudju ng pramèswari wredha.

Sadjumenengipun Nata Prabu Witjitrwirja gumantos kaprabon- raka Prabu Tjitragada ingkang dèrèng peputra, manut tataning ri karaton, Prabu Witjitrwirja kedah ngarang wulu pramèswari lihanipun suwergi ingkang raka Prabu Tjitragada. Mila kala anten, déwi Ambika ladjeng kawajuh kalajan ingkang raji déwi abalika sami déné kalenggahan pramèswari. Dumadakan, djume- ngipun Nata Prabu Witjitrwirja ugi boten lana. Pramèswari sakem- ran dèrèng ngantos peputra, sang Prabu kataman rogarda temah ggar saking Djanaloka, kondur ing Guruloka.

Sasédanipun Prabu Witjitrwirja, dhampar kaprabon Astinapura, nplang: boten wonten ingkang ngrengani, mahanani sangaring ari. Para Naradja, sami wéja ing sesanggeman, para kawula- ni kaparag pagung lan awis tedha, para Narèndra ing djacjalan bah ingkang ambaléla. Kala samanten, ingkang wenang nglenggahi

dhampar: kaprabon Astinapura, boten wonten sanès kadjawi sang Ganggaputra inggih sang Prabata Déwabrata. Mila rembagipun para Tuwanggana pradja miwah sang pramèswari wredha déwi Durgandini, murih sireping bentjana, sang Déwabrata kedah kadjumenengaken Nata-saha puruna nambut silaning akrama ngalap randhanipun ingkang raji kekalihipun. Gantjanging tjarijos, sang Déwabrata ingkang ma- ngasrama ing Talkandha, sampun unimbalan ibu sori déwi Durgan- dini saha winedharan gating karsa kanthi dipun waduli. retuning nagari ingkang matumpa-tumpa.

Katjarijos, sang tuhu ing watjana Déwabrata ingkang ngajati daradjat kabrahmanan, mijarsa wadul retuning nagari bumi kalahiran- ipun makaten punika, sanalika temah puteg panggalihipun. Ewa déné, sasampunipun ngeningaken panggalihi ngantos sawatawis pandurat, sang Ganggaputra meksa andaga dhawuhing ibu sori. Aturipun: Dhuh Kangdjeng ibu-djimat pepundhèn kula. Sanadyan kula ugi sanget karcerantan dhateng risaking nagari, nanging kapaksa boten kedugi njandikani dhawuhipun Kangdjeng ibu. Djer dharmaning Satrija ke- dah ngandhemi sabda ingkang sampun kawedhar. Kauningana - Kang- djeng ibu! Saking bekti kula ing sudarma, ing ngadjeng kula sampun prasetya boten nedya djumeneng Nata saha nemaha wahdat tanpa krama milalu gesang satataning Brahma tjarya. Pamanggih kula, ma- nawi jaji Abijasa karsa lenggah dhampar kaprabon Astinapura ngasta pusaning nagari, sajekti saged damel tata haju ajem tentremipun para kawula. Djer jaji Wijasa ugi daradjat Satrija ingkang wenang lenggah dhampar kaprabon, tur ta sampun ginulang saliring guna ka- widagdan ingkang linambaran lampah brata. Mila sasampunipun ka- panggalihi, jaji Wijasa ladjeng katibalana saha ladjeng kapasraha- na ngasta pusaning nagari Ngastina. Kula amung kedugi ngawat- awati saking katebihan.

Katjarijos, para tuwanggana ingkang sami kingkin sabab retuning nagari, mireng atur walujanipun sang Déwabrata dhateng sang pramèswari wredha makaten punika, sadajanipun namung pandeng- pinandeng esmu kepranan. Malah sang pramèswari déwi Durgandini, kala samanten temah kongas andierbabak nétranipun, tumbuh² ingkang rinaos. Namung ngumandhang sabda tama tumusing budi luhur ingkang kasarira sang Ganggaputra, daja prabawanipun boten namung madhangi kumara peteng ing Astinapura, kapara malah su- mundhul ing Guruloka. Sanalika Hyang Kanékaputra dutaning Hyang Djagadpratingkah, sampun rawuh ngèstrèni utamining lelabetanipun sang Déwabrata saha ndhawuhaken kanugrahan dhateng sang na- wung brata. Dhumawuhing kanugrahan: Daradjating djiwanipun sang Déwabrata, winenang tetunggilan kalajan para Wasu Fitri Brahmané Resi ingkang sampun katarimah tapanipun; Kaping kalih: sang Dewa- brata boten badhé pedjah, lamun boten saking kursanipun pijambak;

STRUKTUR DAN MAKNA ... CIPTOAJI

... mau, i
... dding k
... gtaras re
... kanugrah
... Mula
... aganti or:

aping tiga : sang Déwabrata boten badhé Kawon perang, sanadyan cngsah Djawata ingkang dedamel bledhèg (Hyang Surapati). Punapa èné, lamun ngadoni pupuh, boten saged ketaman dedameling meng- h, lamun boten sèlèh langkap samadyaning paprangan.

Saking dhumawuhing kanugrahan tigang prakawis punika, wiwit da samanten sang Déwabrata ugi pinaringan peparab Wara Bisma. Iraosipun : pradjurit wahdat ingkang nggegirisi.

Boten katjarijos rontjèning lampah, sang Abijasa ingkang wiwit sur ginulang manguntèki déning ingkang rama sang Begawan Pala-



Sang Prabata Wara Bisma

ra ing pratapan Saptarga, kala samanten sampun djumeneng Nata jenggahi dhampar kaprabon Astinapura saha pala krama ngalap radhanipun ingkang raji kekalih minangka pramèswari. Déné sang Déwabrata, wiwit kala samanten ladjeng rutjat busana kasatrijan atos mangagem djobah satataning Maharsi, ngandhemi anggènipun dhambeg Brahman Rjarya minangka parampara ing Astinapura saha antun mangasrama ing Talkandha.

Djumenengipun Nata sang Abijasa adjedjuluk Prabu Kresna- dwipajana angrenggani dhampar kaprabon Ngastina, pranjata andajani tata rahardjaning nagari saha sajuk sumujudipun para Narèndra ing pasisiran. Nanging, bawanipun djumeneng Nata amung saking ajahan- ing dharma kedah manaju kajuwanan murih rahardjaning nagari, sanadyan pangembating pradja mangrèh wadya sarwa mumpuni, bab lagu lagéjanipun sang Prabu ingkang dhasaripun sarira Pandhita meksa telep mandhitani. Sabab makaten wau, pramèswari kekalihipun



Prabu Abijasa

kusuma dèwi Ambika miwah dèwi Ambalika, tumanggapipun dhateng raka Nata, kekalihipun tansah boten sardju.

Katjarijos, nalika pramèswari dèwi Ambika nampèni sihing raka Nata, saking adjrihipun dhateng sariranipun sang Prabu ingkang tjemeng meles tur bréwok, tumanggaping resmi sang dèwi ngantos merem dhipe lumuh tumingal sang Prabu. Tumusing tanduk makaten punika, temahanipun ngantos sumandhang dhateng widji ingkang tuma-

nem ing guagarbanipun Dèwi Ambika ingkang kala samanteu ladjeng anggarbini. Dumugi lèking djabang baji lahir mijos kakung, sang Radjaputra sampun nandhang wuta. Sang Ambikaputra pinari gan kekasih sang Drestarastra. Inggih sabab wuta wiwit tintur punika, sang Drestarastra ladjeng peparab: sang Kuru, suraosipun: peteng (boten pirsu).

Pramèswari dèwi Ambalika ingkang ugi adjrih: dhateng sariranipun raka Nata, nalika nampèni sihing raka, tumanggapipun rami, guwajanipun ngantos putjet saraja mènglèng ing papreman. Tumusing tanduk makaten punika ugi andajani dumadosing widji ingkang kumandhut sang dèwi. Sareng dèwi Ambalika mijosi putra kakung, sang Anibalikaputra, sampun nandhang tjatjad tèngèng, nanging bagus ing warni, pakulitanipun kaduk pethak. Sang Ambalikaputra, pinaringan kekasih sang Pandhu.

Katjarijos, sang pramèswari wredha dèwi Satyawati ingkang sanget manggali utamining darah miwah rahardjaning nagari. Sang dèwi sampun manggraita darunanipun para wajah ingkang sami nandhang tjatjad. Mila sang dèwi ladjeng ngrerapu dhateng putra mantu kekalihipun supados sami ngetingalaken sardjuning manah anggènipun nanggapi sihing raka Nata. Pangrapunipun dèwi Satyawati makaten punika, samangsa para putra mantu punika sami mijosi putra malih, sang Radjaputra sageda sampurna ing warni tanpa tjatjad. Nanging sang putri kekalihipun ingkang pantjèn adjrih dhateng warnining raka Nata, sanadyan boten nukarta dhawuhing ibu marasepuh, pepuntoning manah supados kalis saking sesiku, namung badhé matur prasadja dhateng raka Nata, punapa ingkang badhé katingakaken.

Prabu Kresnadwipajana ingkang tuhu sarira Maharsi, boten kekilapan dhateng saliring lelampahan, anggung ngènaki tyasing asanès. Gantjanging tjarijos, sang Prabu ladjeng nampi garwa pangrembé kenja darah elit anama rara Katri pisungsungipun sang pramèswari sakembaran ingkang sampun sarembag. Ing antawis lami, garwa pangrembé punika, ugi mijosi putra kakung saha pinaringan kekasih sang Widura (Jamawidura). Dumadakan sang Widura punika ugi kasandhangan tjatjad. Wiwit timur, sukunipun sang Widura ingkang tengen sampun gedjig. Ing saladjengipun, para Wijasaputra tetiga ngantos diwasa, sang Prabu sampun boten peputra malih

Gentos katjarijos sarenganing lampah. Radjaputra ing Madras (Mandraka) sang Narasoma, nudju lelana brata, boten katemaha temah palakrama. Sang Narasoma, kapundhut mantu Pandhita jaksa ing Argabelah Begawan Bagaspati, dhaup lan siwinipun akekasih endhang (dèwi) Setyawati.

Katjarijos, dèwi Setyawati punika, sanadyan siwining Pandhita jaksa, nanging sulistyaning warni wenesing ulat miwah kekuwunging wadana, pranjata nerusing budi mahambeg ngumala rum. Sasampunipun kagarwa sang Narasoma, setya bektinipun ing guru laki, sang dèwi tetep dados rowang sabaja pati, boten wigih namèngi bebaja ingkang badhé nempuh sang Narasoma. Mila kasoking sihipun sang Narasoma, ngantos prasetya boten badhé misik wanodya sanès. Ewa déné, bawanipun manah kaduk adigung, pikramanipun sang Narasoma meksa rumaos kutjiwa, déné mara sepuhipun awarni jaksa. Sanadyan rumaos tjuwa punika boten kawedhar ing lésan, liringing ulat miwah gligaping manahipun sang Narasoma meksa kedungkap sang Begawan. Bawanipun Pandhita sidik ing panggalih luhur ing budi, bundhelan manah awon ingkang kinandhut putra mantu punika malah ladjeng tinanggapan ing sih pangela-cla. Kala samanten, sang Narasoma ladjeng wineleg saliring adji djaja kawidjajan miwah adij Tjandhabirawa ingkang daja prabawanipun damel kekesing mengsah samadyaning palagan. Pari purnaning medjang saliring gunapangawikan, Begawan Bagaspati ingkang legawa jng pati gya ngratjut sarira ngèsthi kamukswan, mung murih bagya rahajunipun pikramaning siwi.

Boten katjarijos romjèning lampah, samukswanipun Begawan Bagaspati, sang Narasoma rumaos suka rena gya kundur dhateng nagari Mandraka (Madras) amung kanthi garwanipun. Sadhatengipun ing pura Mandraka, sang Narasoma ladju suméwa ing ngarsa rama Nata saha ngaturaken lelampahanipun purwa madya wasana. Aturipun sang Narasoma, sanget damel kedjot gegetunipun sang Prabu. Begawan Bagaspati ingkang nemahi léna punika, sadjatosipun malah mitra sinara wèdi kalebet kadang tunggil puruhitan kalajan sang Prabu. Sruning gegetun kaworan bendu, putra kakung sang Narasoma ingkang ginalih murang tata boten wikan kautamèning marasepuh ngantos damel dhadhakaning kamukswan punika, sanalika ladjeng katundhung saking dhatulaja.

Katjarijos, dèwi Madri (Madrim) raji sang Narasoma ingkang trisna ing kadang wredha, wikan benduning rama makaten wau, sang dèwi temah nututi nedya anut sapuruging raka sang Narasoma.

Gentos katjarijos sarenganing lelampahan. Nata ing Mandura Prabu Kunthibodja, sampun sawatawis dinten katamuwan Brahmana Begawan Druwasa. Sang Begawan punika, lampahipun ngajahi dharmaning kabrahmanan tumraping djagad sarwa nganèh-anèhi ingkang angèl tinangguh. Mila para Narèndra tuwin Satrija ingkang karawuhan Begawan Druwasa, tumanggaping karsa tansah ngatos-atos, sampun ngantos kènging sotipun sang Begawan. Lagu-lagèjanipun sang Begawan, kodjawi langka sanget kaparengipun wawan rembag bawa raos kados salimrahang Brahmana, rawuhipun ing pundi ingkang dipun dunungi mara tamu, tur kadhang wantji tengah dalu, tur kadhang

lajeng ~~lajeng~~ duka sabab boten kaleresan leladosipun. Makaten sapi-

~~lajeng~~ Kunthibodja ingkang sampun wikan gawating karsanipun ~~Begawan~~ Druwasa, wiwit ketamuan sang Begawan ingkang kininten bade ~~sumandha~~ ing dhatulaja ngantos sawatawis dinten, sang Prabu ~~lajeng~~ midji putri Nata ingkang kekasih dèwi Prita (Kunthitalibrata). Sang ~~lajeng~~ kapatah ndjagi tengganipun sang Begawan sampun ngantos ~~lajeng~~ panggalhipun.

Dèwi Prita punika, putri taksih kenja sulistya ing warni, sabar ~~lajeng~~ luhur ing budi saha bekti sumungkem ing para wredha. Sang ~~lajeng~~ wadèkanipun sang Prabu makaten wau, salebetipun Begawan ~~Druwasa~~ sumandha ing dhatulaja Mandura, sanadyan lagu-lagèjanipun ~~lajeng~~ gampil tinangguh, éwa déné tansah rumaos kepranan dhateng ~~lajeng~~ kabaran saha bektinipun dèwi Prita. Saking ~~lajeng~~ kaprananipun sang ~~lajeng~~ Begawan, dèwi Prita ladjeng pinaringan nugraha adji pameling, ~~lajeng~~ dajanipun adji punika, jèn winatak saged ndhatengaken para ~~Druwasa~~ ingkang sinedya.

Katjarijos sapengkeripun Begawan Druwasa. Bawanipun putri ~~lajeng~~ kaja dèrèng wikan sambékalaning lampah dhatenging bentjana ~~lajeng~~ gesang, kasinungan adji wigatos saking Begawan Druwasa ~~lajeng~~ wau, sang dèwi temah kepéngin njatakaken dajaning adji-adjinipun. ~~lajeng~~ Angga stunggaling dinten, dèwi Prita lenggah pijambakan ladjeng ~~lajeng~~ ngésthè tjipta matek adji pameling ngésthè déwaning raditya ~~lajeng~~ djan ~~lajeng~~ mabaken taru lata tjètjukulan. Tedhasing pangésthè, sanalika ~~Bathara~~ Surja ingkang kapanduk adji pameling gya rawuh ing ngarsane ~~lajeng~~ sang matek adji.

Dèwi Prita ingkang matek adji namung dhapur tjobi-tjobi tanpa ~~lajeng~~ kaja, ~~lajeng~~ malah karawuhan Djawata udjug-udjug sampun djumeneng ~~lajeng~~ wata ~~lajeng~~ ngarsanipun punika, getering manah adjrih kaworan gegetun ~~lajeng~~ nganti ~~lajeng~~ ngésthè kagambaraken. Sanadyan Bathara Surja, dupi mulat ~~lajeng~~ selajeng warni sang kageteran, temah kedadak rempu panggalhipun, ~~lajeng~~ tambah-tambah ingkang rinaos. Ing riku, Bathara Surja gya ~~lajeng~~ aning ~~lajeng~~ karananipun sang dèwi ngantos mesu brata ndhatengaken ~~Druwasa~~ Sabda pandangunipun Bathara Surja, saja njangetaken ~~lajeng~~ geterane dèwi Prita. Tjiptanipun sang dèwi, kados pundi badhé atur ~~lajeng~~ wata ~~lajeng~~ murih linepatna saking sesiku. Pepuntoning tékad, dèwi ~~Prita~~ ladjeng mrasadjakaken kalintuning patrap, sembrana tanpa ~~lajeng~~ winata ~~lajeng~~ botet saking kepénginipun njatakaken dajaning kanugrahan ~~lajeng~~ saking ~~lajeng~~ Begawan Druwasa. Ladjenging aturipun dèwi Prita, dahat ngre- ~~lajeng~~ rupan ~~lajeng~~ ngados Bathara Surya paring pangaksami sampun ngantos ~~lajeng~~ ndhatengaken sesiku.

~~Bathara~~ Surja ingkang sadjatosipun rempu panggalhipun sabab ~~lajeng~~ kados ~~lajeng~~ déwaning sih, tumanggaping sabda dhateng dèwi Prita, ~~lajeng~~ kados ~~lajeng~~ skatemaha temah kisen pambidhunging asmara turida.

Pangandikanipun: Hèh putri kang èndahing warni! Pikolèhé sembrana- nira nganti dolanan ngèlmu kang ora prenah ènggoné, sira bakal ne- mahi sesuta sadurungé palakrama. Ewa déné, saka gedhéning priha- tinira, sira ing tembé sajekti dadi ibuning para Satrija' musthikaning djagad.

Kados punapa geter prihatosipun dèwi Prita nalika mijarsa sab- danipun Bathara Surja ingkang boten sandé badhé nemahi punika, ngantos boten saged kininten-kinten. Boten katjarijos rontjèning lam- pah, ing antawis tjandra saking tumedhakipun Bathara Surya, dèwi Prita ingkang piningid ing dhatulaja temah anggarbini sabab kapanduk asmara turida saking Bathara Surya. Nalika kadangu rama Nata ka- rananipun anggarbini, saking putekipun manah prihatos tjawuh lan adjrih, dèwi Prita amung karuna boten kedugi nanggapi atur. tambah- tambah gendraning manah.

Prabu Kunthibodja dahat mérang ing panggalih saking patraping putrinipun ingkang ginalih lampah sèdhèng, dupi pandangunipun tansah tinanggapan deresing waspa, saking derenging bendu ngantos arsa nglunasi sang dèwi ingkang dahat kawelasarsa. Kala samanten, gya ketungka rawulhipun Begawan Druwasa ingkang njarira kawitjaksanan. Ing riku, bendunipun Prabu Kunthibodja gya rinapu Begawan Druwasa sarana ngandharaken lelampahanipun putri Nata wiwit sang Begawan sumandha ing dhatulaja ngantos katemahanipun sang dèwi anggarbini. Sabda pangandikanipun Begawan Druwasa, pranjata ngéndhangaken bendunipun Prabu Kunthibodja, puwara dahat nalangsa ing Bathara. Karantaning galih sang Prabu, sanget welas panandhangipun putri Nata, tjiptaning drija : baja kados pundi badhé wekasanipun.

Begawan Druwasa sampun tanggap rudatosing Nata Prabu Kun- thibodja. Ladjenging pangrapunipun, sang Begawan sagah ngluwari djabang baji kandhutanipun dèwi Prita boten midjil saking marga ina. Gantjanging tjarijos, sarana panguwaosipun Begawan Druwasa, djabang baji ladjeng kawahyakaken midjil saking talingan (karna)- ipun dèwi Prita. Djabang baji midjil prija saha sinung kekasih sang Karna, andadosaken lega renanipun Prabu Kunthibodja miwah dèwi Prita.

Lipuripun ingkang sami kaduhkitan, djabang baji kapundhut Begawan Druwasa gya kabekta méndra saking dhatulaja Mandura. Saladjengipun, djabang baji kaparingaken dhateng sang Adirata kusir Naréndra ing nagari Ngastina. Diwasanipun djabang baji punika ladjeng peparab sang Surjaputra inggih sang Basukarna. *)

Katjarijos, bengkasing kumara peteng ingkang nglimputi pura Mandura, Prabu Kunthibodja ladjeng manggalih badhé manakramak- aken putri Nata Kusuma dèwi Prita. Pamilihipun tjalon mantu ing-

*) Basu=Wasu (sawenehing dradjat kadjiwan ingkang sebabag kalajan para Pitri, Wiku (Biku) Pandhita Resi). PULUNG CIPTOAJI

kang sajog kadhaupaken kalajan sang putri, kaparengipun sang Prabu sarawontenaken sajumbara. Inggang kagem pasang giri, peksi peking salibeting sengkeran mubeng seser. Sinten antawisipun para Satrija ingkang saged ndjemparing peksi peking wau, badhé kadhaupaken kalajan déwi Prita. Gantjanging tjarijos sajumbara sampun kaparsa ing mantja nagari, kathah para Satrija ingkang ndhatengi.

Katjarijos malih lampahipun sang Narasoma ingkang kedukan ing nagari. Sang Narasoma ngumbara tanpa sedya dumugi laladan nagari Mandura, temah mijarsa gumyahing sajumbara. Bawanipun manah adigung kasembuh mentas neguru, sanadyan ing tjipta boten nedja ngalap bojongan putri, sang Narasoma temah kegugah adigung kedah ngungasaken kalangkunganipun. Derenging karsa sang Narasoma, anggelak lampah arsa nglebeti sajumbara. Sadhatengipun ing pabaratan sajumbara, sampun kathah para Satrija ingkang nanging sajumbara, nanging dèrèng wonten ingkang ngéntasi karja. Gantjanging tjarijos, namung sang Narasoma ingkang titis pandjemparingipun saged ngèngingi lésan pasang girining sajumbara.

Genos katjarijos sarenganing lampah. Pamadyaning Wijasaputra ing Astinapura, ing dhawuhing rama Nata ugi badhé nglebeti sajumbara. Nanging sadhatengipun ing pabaratan sajumbara sampun kasèp. Sajumbara sampun kapupuh sang Narasoma.

Sang Narasoma ingkang rumaos pundjuling apapak, mulat dhatenging sang Pandhu ingkang kongas klanjar-klemer boten mitadosi, kathah parikedah nglebeti sajumbara punika, saking djudjuling manah sumengah, èsmu njenjamah ladjeng pratèla dhateng sang Pandhu. Udjaripun sang Narasoma, manawi Pandhu saged ndjemparing peking kados pepanggiling sajumbara, putri Mandura ingkang sampun dados bojonganipun sang Narasoma badhé kapasrahaken dhateng sang Pandhu. Gantjanging tjarijos, pasang girinipun sang Narasoma saged ketandangan sang Pandhu amung sarana gampil.

Bawanipun manah sumengah, mulat kalangkunganipun sang Pandhu ingkang tobih saking panjana punika, sang Narasoma saja kebrang manahipun. Sang Pandhu unantang tandhing pupuh, manawi saged ngasoraken kadibyanipun, kadjawi putri Mandura déwi Prita ingkang sampun hadjandjèkaken, kadangipun sang Narasoma ingkang kekasah déwi Madri ugi badhé kapasrahaken minangka bojongan. Gantjanging tjarijos, Satrija kekalih ladjeng tandhing pupuh ngunggar kasawar ngetog kadibyan. Tangkeping prang arebut unggul, tandangipun sang Narasoma ingkang ngungasaken guna kasektènipun, tansah kouta boten mantra-mantra damel gigrigipun sang Pandhu, temah narimah luwun saraja masrahaken déwi Prita miwah déwi Madri ingkang sampun kadjandjèkaken.

Boten katjarijos rontjèning lampah, unggul juda sang Pandhu kanti bojongan putri adi kekalih, gya bidhalan arsa kondur.

Katjarijos, bégalaning lampah ingkang tunggil karsa. Konduripun sang Pandhu, kepag lampahipun putra Plasadjenar Arja Sangkuni inggih Trigantalpati ingkang badhé nglebeti sajumbara dhateng nagari Mandura. Sasampunipun takèn-tinakèn, dupi wikan sajumbara sampun kapupuh sang Pandhu, kabrananging tyas Arja Sangkuni, temah madeg suraning drija. Déwi Prita ingkang sampun dados bojonganipun sang Pandhu, paripaksa katedha Arja Sangkuni, temah dados pantja kara. Gantjanging tjarijos, judanipun Arja Sangkuni ingkang parikedah ngrebat déwi Prita, sampun ngetog kadibyan nanging meksa boten saged ngasoraken mengsahipun. Kasoring tandhing djurit Arja Sangkuni, katjidran pangadjapipun badhé ngalap putri adi ing Mandura, malah embokajunipun ingkang kekasah déwi Anggendari, kapeksa dipun pasrahaken dhateng sang Pandhu minangka panungkul. Mila lampahipun sang Pandhu mituhu pakèning sudarma nglebeti sajumbara ingkang pantjènipun sampun kantun ing damel, wusananipun malah pikantuk bojongan putri adi tetiga. (Déwi Prita putri ing Mandura, déwi Madri putri ing Madras saha déwi Anggendari putri ing Plasadjenar).

Katjarijos, Radjaputra pambajun ing Astinapura. Sang Drestarastra ingkang salaminipun boten saged ngraosaken kamulvan èndah-adining sesawangan miwah gebyaring surja tjandra kartika, dupi mijarsa bilih ingkang raji sang Pandhu pikantuk bojongan putri adi tetiga, sang Drestarastra kados cinugah pangerantesipun. Nglanguting karcerantan ngantos ngreresah ngrésula, tambah-tambah ingkang ginagas.

Sang Pandhu ingkang hambeg baksana bekti ing kadang wredha, wikan duhkitaning raka ngantos kongas kawratan panandhang punika, sang Pandhu ugi katut kablabaran sungkawa ngantos trenjuh pangalihipun. Saking kumedahipun badhé nambak duhkitaning raka ingkang tanpa wekasan sumandhangipun, putri bojongan tetiga wau ladjeng kapasrahaken dhateng sang Drestarastra dados panglipuring prihatos minangka djatukrama.

Sang Drestarastra ingkang saweg djibeg karcerantan, mireng aturing raji masrahaken putri bojongan tetiga punika, saking kagyating raos trenjuh ngantos muwun sesenggrukan saraja ngrangkul lunganing raji. Pangandikanipun : Dhuh jaji — kadangé pun kakang. Puluhpuluh wus begdjané awakku, déné kapeksa dadi gawéné kadang taruna kang mesthiné aku kang kudu mikir marang jaji Pandhu. Mung baé, panandhangé wuta pun kakang iki, ija adja nganti djompo terusing ati. Mula sihé jaji Pandhu kang semono iku, pun kakang mesthi ora bisa nampa kabèl. Prajogané, salah sidji antarané putri tetelu iku, endi kang dirilakaké jaji Pandhu, ija iku kang dak pindhut minangka garwa.

Aturipun sang Pandhu : Manawi makaten kaparengipun kakangmas, raji paduka amung nju:nanggakaken kapilih pibanbak, pundi ingkang dados panudjuning karsa.

Boten katjarijos gawoking kawontenan tuwin rontjèning lampah, pamilih pun sang Drestarastra dhateng salah satunggalipun putri tetiga wau, dhawahing pamilih dhateng dèwi Anggendari kadangipun sepuh Arja Sangkuni. Mila dèwi Anggendari ladjeng kagarwa sang Drestarastra. Déné dèwi Prita lan dèwi Madri, kekalihipun sami kagarwa sang Pandhu kanthi raos lega rena. Leganipun : déné boten kapilih



Sang Drestarastra

Sang Drestarastra ingkang nandhang wuta, renanipun déné ladjeng kagarwa Satrija bagus tur widigdaja.

Katjarijos, dèwi Anggendari ingkang sampun namtokaken dados garwanipun sang Pandhu Satrija bagus tur digdaja, temahanipun namung kapisungsuneaken dhateng kadangipun wredha ingkang nandhang wuta punika, saking ndjareming manah serik, sang dèwi ngantos pratiknja ingkang nggegirisi. Udjuring prasapanipun dèwi Anggen-

dar., anak turunipun ing tembè, tetepa dados satru bebujutan kalajan turunipun sang Pandhu. Malah dèwi Prita lan dèwi Madri ugi kaanggep mengsah batos déning dèwi Anggendari, sabab kamèrèkaken anggenipun manggih kabegdjan kagarwa sang Pandhu.

Boten katjarijos rengganing pamiwaha pikramanipun para Radja-putra ing Astinapura kekalihipun miwah rerontjèning lampah, dupi para Narpaputra sampun diwasa, Prabu Abijasa ingkang dhasaripun Maha Resi, temah katetangi panggalihipun arsa ngladjengaken manguntèki. Saking derenging karsa, sang Prabu ladjeng tetaringan rembag kalajan ingkang raka Maharsi Wara Bisma, bilih sang Prabu badhé sèlèh kaprabon dhateng putra pamadya ingkang ginalih sampun widagda ngembat ingering pradja. Gantjanging tjarijos, Maharsi Wara Bisma ugi najogyani karsaning raji-Nata Prabu Abijasa. Sang Pandhu ladjeng kawisudha djumeneng Narèndra gumantos kapraboning rama, adjedjuluk Prabu Pandhudéwanata. Patih masésa ingkang minangka djedjet wengku bang-bang pangalum-aluming pradja ngrangkani sang Prabu, taksih lestantun Arja Gandamana Satrija saking Pantjalaradya. Wondéné putra pambajun Ngastina sang Drestarastra ingkang boten saged gumantos kapraboning rama sabab nandhang wuta, sampun kaprenahaken djumeneng Adipati midji ing nagari Gadjahoja, ingcembanan raji ipé Arja Sangkuni minangka pepatih. Déné putra warudju ing Astina sang Widura, njantana raka Nata Prabu Pandhudéwanata, pinrenah ing kasatrijan Panggombakan. Pari purnaning nranata putra, sang Nata wredha Prabu Abijasa gya djengkar saking pura wangsul manguntèki ing pratapan Satasrengga, mung amrih hajuning rat ajwa ana kasangsaja sinangsaja, lestaria kang sami ulah budja.

3. PANDHU PAPA

KATJARIJOS, Prabu Pandhudéwanata anggenipun djumeneng Nata ngrenggani dhampar kaprabon Ngastina, pranjata saja mewahi tata rahardjaning nagari. Kemadjenganipun para kawula dasih saha sajuk sumungkemipun para Narèndra ing djadjahan, saja mewahi kuntjaranipun ingkang djumeneng Nata. Kemadjengan makaten punika, sabab sang prabu anggung titipariksa remen tedhak papara. dhasar Prabu Pandhudéwanata kawentar surèng ngalaga, pragad ngadoni djajèng prang titis andjemparing. Nagari Madras (Mandraka) lan nagari Mandura ingkang para putrinipun sami kagarwa sang Prabu minangka pramèswari ing Ngastinapura, saja raket supeket mewahi santosaning nagari tetiganipun. Dhasar djumenengipun Narèndra Prabu Pandhudéwanata ingajoman pradjurit Maharata linangkung Maharsi Wara Bisma saha djinangkung ingkang rama sang Radja Pandhita Begawan Abijasa. Mila kontaping kaluhuranipun Prabu Pandhudéwanata ingajomi para Narèndra ing djadjahan Ngastina, kondhang mantja nagari, binasakaken kados tiandrarang purnama